



Department of Education

Joel I. Klein, Chancellor

TRAVAY ATISTIK NAN RAPÒ SOU LEKÒL YO POU ANE AKADEMIK 2006/07

Travay atistik sa a nan Rapò sou lekòl yo ofri ransèyman debaz pou lekòl ou a.

NAN RAPÒ SA A

Travay atistik nan Rapò sou lekòl yo se yon nouvo zouti pou lidè lekòl yo konprann jan yo ofri chak timoun nan lekòl yo ansèyman Atizay Arts. Chak travay atistik pou yon ane nan Rapò sou lekòl yo evalye de domèn :

Ansèyman Atizay Arts ki disponib pou elèv ak patisipasyon elèv nan kou sa yo

Itilize sondaj ak enfòmasyon nan bazdone Depatman Edikasyon *Department of Education* (DOE) pou konprann si elèv yo ap satisfè egzijans Leta Nouyòk *New York State* (NYS) fè pou ansèyman Atizay Arts. Metsousa, seksyon sa a rapòte kesyon yo poze nan Sondaj sou anviwònman aprantisaj yo ki gen pou wè avèk ansèyman Atizay Arts.

Resous pou kore Ansèyman Atizay

Itilize enfòmasyon nan bazdone DOE ak sondaj pou konprann resous ke yo bay lekòl yo pou ansèyman Atizay. Seksyon sa a gen enfòmasyon sou pwofesè Atizay ki sètifye, sèvis òganizasyon kiltirèl ak atistik yo, kote pou aprantisaj Atizay, aktivite pou kolekte lajan pou Atizay, ak opòtinite fòmasyon pwofesyonèl pou pwofesè.

Chè manm nan kominote lekòl la,

Rapò sa a founi yon apèsi sou opòtinite onivo ansèyman Atizay w ap ofri elèv ou yo dapre repons ou yo nan Sondaj sou Ansèyman Atizay pou ane a an Jen 2007, epi li gen ladan l enfòmasyon nou jwenn nan bazdone Depatman Edikasyon vil Nouyòk *New York City Department of Education* (NYCDOE).

Ekspozisyon travay atistik pou ane a nan Rapò sou lekòl yo se yon eleman enpòtan onivo jefò NYCDOE ap fè pou garanti ke lekòl yo ofri elèv yo bonjan kalite edikasyon nan domèn Atizay ke yo bezwen e merite. Nou mete sou pye rapò sa a pou ede lidè lekòl yo, paran yo, ak pwofesè yo konprann jan yo ka amelyore aprantisaj Atizay, lè y ap baze yo sou liv ki rele *Blueprint for Teaching and Learning in the Arts* ki ofri yo pwogram etid detay pou klas Prematènèl jiska klas 12yèm ane yo adapte dapre nòm ofisyèl Leta yo.

Joel I. Klein
Chanselye, NYCDOE

AKSÈ AK PATISIPASYON ELÈV NAN ANSÈYMAN ATIZAY ARTS

Nan nivo lekòl primè, nan klas 1ye jiska 6yèm ane, Depatman Edikasyon Leta Nouyòk *New York State Education Department* (NYSED) egzije ke yo anseye elèv Dans, Mizik, Teyat, ak Boza vizyèl nan chak klas.

Nan nivo lekòl presegondè, nan klas 7yèm ak 8yèm ane, NYSED atann aske elèv fini, disi fen klas 8yèm ane, yon mwatye sesyon etid nan Boza vizyèl ak yon mwatye sesyon etid nan Mizik. Vil Nouyòk aplike nan NYSED pou mande yon dispans pou pèmèt lekòl yo ofri de nan kat domèn atizay yo pou respekte egzijans pou klas 7yèm ak 8yèm ane.

Pwogrè lekòl primè ap fè pou satisfè egzijans NYSED yo

Pou ane akademik 2006/07, lekòl sa a ofri kou atizay sila yo nan chak klas pa lentèmedyè e moun ki anplwaye nan lekòl la e òganizasyon kiltirèl e atistik ki ofri elèv yo sèvis andirèk :

Klas	DANS		MIZIK		TEYAT		BOZA VIZYÈL	
	Moun nan pèsònèl lekòl la	Òganizasyon kiltirèl e atistik	Moun nan pèsònèl lekòl la	Òganizasyon kiltirèl e atistik	Moun nan pèsònèl lekòl la	Òganizasyon kiltirèl e atistik	Moun nan pèsònèl lekòl la	Òganizasyon kiltirèl e atistik
Prematènèl								
Jadendanfan								
1ye ane								
2yèm ane								
3yèm ane								
4yèm ane								
5yèm ane								
6yèm ane								

Sonje byen : X = lekòl te ofri an 2006/07; san repons = lekòl pa t ofri an 2006/07; N/A = done yo pa te disponib pou 2006/07

Pwogrè lekòl presegondè fè nan satisfè egzijans NYSED yo

Tablo pi ba a endike pousantaj elèv k ap patisipe nan kou Atizay dapre klas ak domèn atizay yo chwazi pandan ane eskolè 2006/07 :

KLAS	BOZA VIZYÈL	MIZIK	DANS	TEYAT
7				
8				

Sonje byen : Nou pran done yo nan ATS/HSST ak/oswa atravè yon pwosesis pou verifye enfòmasyon. Ka gen kèk kou ki manke poutèt pwoblèm *coding* nan ATS/HSST
Lekòl sa a ka pa gen tout klas nou site nan tablo sa a.

Pwogrè lekòl segondè fè nan satisfè egzijans NYSED yo

Nan nivo lekòl segondè, NYSED egzije ke tout elèv pran yon sesyon oswa de kredi nan Atizay (Dans, Mizik, Teyat, ak/oswa Boza vizyèl).

Tablo pi ba a endike pousantaj elèv k ap patisipe nan kou Atizay dapre klas ak domèn Atizay pandan ane eskolè 2006/07 :

KLAS	BOZA VIZYÈL	MIZIK	DANS	TEYAT
9yèm				
10yèm				
11yèm				
12yèm				
Pousantaj elèv k ap gradye avèk twa oswa plis kredi etid nan domèn Atizay				

Sonje byen : Nou pran done sa yo nan ATS/HSST ak/oswa atravè yon pwosesis pou verifye enfòmasyon. Ka gen kèk kou ki manke poutèt pwoblèm *coding* nan ATS/HSST.
Kazyè ki vid yo endike ke pa gen kou a nan lekòl sa a.

Faktè ki endike aksè yo bay elèv yo nan ansèyman Atizay

Pandan ane eskolè 2006/07, elèv nan lekòl sa a patisipe nan pwogram sila yo pou aprann atizay:

OPÒTINITE POU APRANTISAJ ATIZAY	ELÈV PATISIPE
Jwe ak patisipe nan pèfòmans dans	
Jwe ak/oswa patisipe nan pèfòmans teyatral/oswa dramatik	
Kontribiye nan travay atistik nan ekspozisyon (yo)	
Patisipe nan konsè yo	
Al asiste pèfòmans dans (yo)	
Al asiste pèfòmans teyatral/oswa dramatik (yo)	
Al vizite ekspozisyon (yo) nan mize oswa galrida	

Pandan ane eskolè 2006/07, yo te ofri elèv nan lekòl sa a sesyon Atizay sila yo :

DOMÈN	SERI KOU ATIZAY
Dans	
Mizik	
Teyat	
Boza vizyèl	

Pou chèche konnen si lekòl sa a gen kritè pou chwazi elèv nan pwogram atizay yo an 2006/07, tanpri kontakte lekòl la dirèkteman.

Sondaj sou anviwònman aprantisaj

Pousantaj **ELÈV** nan lekòl sa a ki te rapòte nan Sondaj sou anviwònman aprantisaj pou ane 2006/07 ke yo te patisipe nan tip kou Atizay sila yo dapre domèn atizay:

Domèn Atizay	ELÈV KI PRAN YONN OSWA PLIZYÈ KOU PANDAN JOUNEN LEKÒL		ELÈV YO TE OFRI KOU YO, MEN KI PA PRAN KOU YO PANDAN JOUNEN LEKÒL		ELÈV YO PA TE OFRI KOU YO PANDAN JOUNEN LEKÒL	
	Lekòl sa a	Tout lekòl segondè	Lekòl sa a	Tout lekòl segondè	Lekòl sa a	Tout lekòl segondè
Dans						
Mizik						
Teyat						
Boza vizyèl						

RESOUS POU KORE ANSÈYMAN ATIZAY**Pwofesè Atizay sètifye**

Pandan ane eskolè 2006/07, lekòl sa a te gen kantite pwofesè sila yo ki sètifye nan domèn Atizay :

DOMÈN ATIZAY	KANTITE PWOFESE SÈTIFYE A TANPLEN
Dans	
Mizik	
Teyat	
Boza vizyèl	

Òganizasyon kiltirèl e atistik

Pandan ane eskolè 2006/07, lekòl sa a te gen yon patenarya/oswa negosye sèvis avèk òganizasyon kiltirèl e atistik sila yo :

ÒGANIZASYON KILTIRÈL	KANTITE ELÈV	TOTAL LÈ

Fòmasyon pwofesyonèl

Pwofesè Atizay yo nan lekòl sa a patisipe nan pwogram pou fòmasyon pwofesyonèl pandan ane eskolè 2006/07 :

FOUNISÈ POU FÒMASYON PWOFESEYONÈL	PWOFESE PATISIPE
NYCDOE	
Inivèsite/Kolèj	
Oganizasyon kiltirèl e atistik	
Nan lekòl la	
Lòt founisè	

Kote yo mete pou fè sa

Pandan ane eskolè 2006/07, lekòl sa a te gen yon kantite salklas yo te fè pou ofri opòtinite pou anseye Atizay:

DOMÈN ATIZAY	KANTITE SALKLAS KI FÈT POU SA
Dans	
Mizik	
Teyat	
Boza vizèl	

Pandan ane eskolè 2006/07, lekòl sa a te gen klas sila yo ki te byen ekipe :

DOMÈN ATIZAY	KANTITE SALKLAS KI TE BYEN EKIPE
Dans	
Mizik anjeneral	
Mizik vokal (chante)	
Mizik enstrimantal	
Estidyo	
<i>Auditorium</i>	
Teyat	
<i>Blackbox Theater</i>	
Estidyo pou Boza vizyèl	
Teknoloji desen <i>Design Technology</i>	
Seramik	
Estidyo pou fotografi	
Lòt Estidyo	

Aktivite pou ranmase lajan pou Atizay

Pandan ane eskolè 2006/07, lekòl sa a ranmase lajan ki soti nan lòt sous finansman pou kore ansèyman atizay, tankou :

SOUS FINANSMAN	LAJAN LI KOLEKTE
Finansman prive	
Biznis oswa kòporasyon lokal yo	
Asosyasyon pwofesè-paran yo	
Donasyon federal yo	
Ajans Atizay nan awondisman, nan leta, ak nan lokalite yo	
Asosyasyon edikatif yo	
Donasyon pa lentèmedyè byen oswa sèvis	
Donasyon Leta yo	
Lòt sous finansman	
Kantite total finansman ki soti nan lòt sous finansman pou kore ansèyman atizay (\$)	

Nòt

- Nan tout rapò sa a, N/A vle di ke done yo pa te disponib lè yo pibliye rapò sa a.
- Nan tout rapò sa a, yon X reprezante yon “wi”, epi yon espas vid reprezante yon “non”.
- Ransèyman nan Sondaj sou Anviwònman aprantisaj yo baze sou repons lekòl yo kote elèv yo soumèt repons yo nan Sondaj sou Anviwònman aprantisaj pou ane akademik 2006/07, e ki baze sou opinyon elèv konsènan atizay nan lekòl sa a. Pou w jwenn plis enfòmasyon pou w konnen nan ki pwen lekòl sa a kore elèv pou aprann atizay, tanpri al sou sit wèb lekòl sa a nan Seksyon Estatistik la pou w gade Sondaj sou Anviwònman aprantisaj pou ane akademik 2006/07.
- Lekòl yo ka gen plis pase sis founisè pou sèvis kiltirèl e atistik, men poutèt espas nou gen pou ekri a limite, nou pa ka site tout òganizasyon kiltirèl e atistik ki travay avèk yo.
- Tout done yo baze sou ansèyman atizay ke yo ofri pandan jounen lekòl. Travay atistik pou ane a ki nan Rapò sou lekòl yo pa rapòte ansèyman atizay ki fèt apre lekòl, pandan wikenn, ak pandan lete.
- Yo ka pa akimile 100 pousan pousantaj done ki nan Sondaj sou Anviwònman aprantisaj la poutèt yo awondi anpil chif.

Definisyon

- Yon klas ki fèt pou atizay se yon salklas yo itilize sèlman pou Dans, Mizik, Teyat, ak Boza vizyèl.
- Pou yon deskripsyon detaye sa ki rele yon salklas atizay byen ekipe, tanpri al gade nan *Blueprint for Teaching and Learning in the Arts*.
- Yon *Blackbox theater* se yon espas senp, ki pa gen okenn dekorasyon, anjeneral yon gwo sal kare ki gen mi nwa epi atè a plat.
- Mizik jeneral se yon etid mizik anjeneral kote elèv fè mizik, aprann nosyon debaz mizik, konekte yo avèk mizik dapre divès kilti nan lemond, enfòmasyon yo osijè resous kominotè, ak karyè epi kontinye aprantisaj nan domèn lan pandan tout vi yo.
- NYSED defini yon sekans atizay kòm yon minimòm twa zan etid konplè pou swiv kou an seri, ak kou pou pèfeksyonman nan domèn atizay. Kou yo ka pèmèt akimile kredi pou yon minimòm twa sesyon (ki vo sis kredi nan vil Nouyòk).